

La Bib pou ti moun
prézanté

Samyèl
(Samuel) ti
sèvitè
Bondye a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Lyn Doerksen

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Àn (Anne) se te yon bon fanm, li te marye ak Elkana, ki te plen ak bonte li menm tou. Yo toulede te konn adore Bondye epi yo te genyen bon kè pou lòt moun yo. Men, te gen yon bagay ki te manke nan lavi Àn.



Li te vle genyen yon pitit gason. Oh, ala anvi li te anvi genyen yon tibebe ! Li te tann, li te priye, li te espere toujou. Pa gen okenn tibebe ki te vini !






Chak ane, Àn te vin adore
nan Tanp Bondye a. Yon
ane, li te fè yon pwomès
si Bondye te ba li yon
pitit gason, li t'ava
konsakre l pou sèvi
Bondye pou tout tan.



Vye granmoun Eli,
sakrifikatè a, te wè
Àn k ap priye. Li te
panse Àn te bwè diven
paske bouch li t ap
bouje, men okenn son
pa te soti. Eli te
reprimande Àn !






Men Àn te rakonte
Eli l ap priye pou li
te ka fè yon timoun
ak pwomès li te fè
Bondye a. "Ale
anpè," Eli te
reponn. "Epi se pou
Bondye Izrayèl la
ba w sa w te mande
li a." Pawòl Eli yo
te bay Àn lespwa
ankò.



Aprè yon ti tan, yon gwo lajwa te anvayi kè Àn.
Letènèl te sonje l epi li te reponn priyè li a. Li
menm ak Elkana te genyen yon ti gason ki te rele
Samyèl (ki vle di "Bondye te bay"). Men, èske Àn t
apral sonje pwomès li te fè Bondye a ?





Àn te sispann ale nan
tanp lan chak ane.
Èske li te brize
pwomès li te fè
Letènèl la ? Non, Àn
t ap tann jiskaske
Samyèl te vin gen
ase laj pou li viv nan
tanp lan epi ede Eli
nan sèvis Bondye a.
Lè sa a, li te mennen
l nan tanp lan.






Bondye te onore
gwo fidelite Àn
nan. Apre
Samyèl, Bondye
te ba li twa lòt
pitit gason ak de
pitit fi. Chak ane,
Àn t ale adore nan
tanp Bondye a —
epi pou l pote yon
nouvo rad li te fè
pou Samyèl.



Samyèl pa te sèl moun ki t ap ede Eli.
Eli te gen de pitit gason, Ofni ak Fine
(Hophni et Phinéés), ki t ape dezonore
Bondye ak move zak epi ki te refize
chanje lè papa yo te reprimande yo.


Eli te kapab chase
yo, men li pa te
fè sa.





Yon jou lannuit,
Samyèl te tande
yon vwa k ap rele li.
Ti gason an te
panse se te Eli.
"Men mwen," li di.
"Mwen pa te rele
w," Eli te reponn.
Sa te rive twa fwa.
Lè sa a, Eli te
konprann Bondye
te vle pale ak
Samyèl.






Eli di Samyèl : "Si
yo rele w, di konsa :
'Pale, Letènèl,
paske sèvitè w la ap
koute.'" Epi Bondye
te rele l ankò, li te
bay Samyèl yon
mesaj ki enpòtan
anpil.




Nan maten, Eli te rele Samyèl. "Ki pawòl Letènèl te ba w ?" li te mande jèn Samyèl. Samyèl rakonte li tout bagay. Se te yon mesaj terib — Bondye t ap ral vin detwi fanmi Eli poutèt Ofni ak Fine, ki te tèlman mechan.




Avètisman Bondye a te rive vre. Pandan yon lagè kont Filisten yo, de pitit gason Eli yo t ape mennen lach Bondye a devan lame Izrayelit yo. Lènmi yo te pran lach la epi yo te touye Ofni ak Fine, ansanm ak anpil Izrayelit. Lè Eli te tande sa, li te sot tonbe sou chèz li a, li te kase kou l, epi li te mouri menm jou a.




Lach Bondye a te lakòz pwoblèm nan mitan Filisten
yo. Yo te mete li nan tanp Dagon an, fo dye yo a.
Nan demen maten, zidòl Dagon an te tonbe sou fas.
Filisten yo te leve Dagon ankò — men nan denmen
maten estati a te tonbe atè a ankò, epi li te kraze.





Maladi ak lanmò te
gaye nan mitan Filisten
yo. Pou yo wè si se
Bondye ki t ap pini yo,
Filisten yo te mare de
bèf nan yon kabwa, epi
yo te mete Lach la sou
li. Men, yo te kenbe ti
bèf yo. "Si bèf yo ale
nan peyi Izrayèl, kite
ti bèf yo dèyè, n ap
konnen se travay
Bondye." Epi bèf
yo t ale !





Lè sa a, Samyèl, ki te vin yon nonm kounye a, te pale ak pèp Izrayèl la. "Si nou retounen vin jwenn Letènèl ak tout kè nou, I ap delivre nou anba men Filisten yo." Pèp la te obeyi fidèl pwofèt Bondye a. Epi men Letènèl te aji kont Filisten yo pandan tout jou Samyèl yo.




Samyèl (Samuel) ti sèvitè Bondye a
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

1 Samyèl 1-7

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

